

Yo refere pitit ou a nan sèvis Early Childhood Special Education Services (Sèvis Edikasyon Espesyal Bonè pou Anfans) (ECSE) nan Pwogram Entèvasyon Bonè ou a (EI). Gen kèk bagay ou pral vle konnen.

Bwochi sa a bay enfòmasyon sou sa k ap pase lè yon timoun patisipe nan EI apwòche laj 3 lane, epi li ka bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye nan distri lekòl lokal la.

#### **Men Sèvis Entèvasyon Bonè yo:**

- pou nenpòt fanmi ki abite nan Massachusetts avèk yon tibebe oswa timoun ki gen mwens pase twazan ki gen oswa ki an danje pou reta devlopmantal.
- Depatman Sante Piblik nan Massachusetts sipèvize sa.
- yon pati nan Lwa Edikasyon Federal endividiyèl ak enfimite ("IDEA") Pati C.
- devlope pou ofri sèvis ak sipò pou timoun ak fanmi yo.
- ki dekri nan yon Plan Sèvis Familyal Endividyalize, ki rele tou yon IFSP.

#### **Men sèvis Edikasyon Espesyal yo:**

- pou elèv ki gen andikap ki gen laj 3 jiska 22 ki bezwen edikasyon espesyal oswa sèvis ki asosye yo.
- bay timoun yo nan distri lekòl lokal yo.
- Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts sipèvize sa.
- yon pati nan Lwa sou Edikasyon federal endividiyèl ak enfimite ("IDEA") Pati B.
- dekri nan yon Pwogram Edikasyon Endividiyèl, ki rele IEP tou.

#### **Pwosesis Ia**

- Sèvis EI pou pitit ou a ap fini sou 3zyèm anivèsè nesans li.
- Si EI panse pitit ou a gen yon andikap ki pral afekte pwogrè yo nan lekòl la, ak pèmisyon paran yo, EI pral fè yon rekòmandasyon nan distri lekòl lokal ou a.
- Tout distri lekòl lokal la dwe evalye tout timoun ki refere nan EI yo pou sèvis edikasyon espesyal pou detèmine kalifikasyon yo.
- Ou pral bezwen siyen epi retounen konsantman ou pou evalye fòm lan anvan distri lekòl la ka kòmanse nenpòt evalyasyon. Paran yo ka fè demand evalyasyon pa distri lekòl yo tou.
- EI oblige kòmanse pwosesis rekòmandasyon an omwen **6 mwa** anvan twazyèm anivèsè pitit ou a. Sa se paske yon Pwogram Edikasyon Endividiyèl (IEP) nan distri lekòl piblik la bezwen an plas pou yon elèv ki elijib lè yo vin egzakteman 3 epi sèvis EI lap pral fini lè sa.
- Paran yo ka kòmanse yon demand pou yon evalyasyon menm apre yon timoun rive 3 zan.
- Distri a pral etabli yon reyinyon ekip, tankou paran yo, pou detèmine kalifikasyon pou sèvis edikasyon espesyal.

- Yo detèmine pitit ou a elijib pou edikasyon espesyal si yo gen yon andikap, epi si yo bezwen sèvis edikasyon espesyal oswa youn oswa plis sèvis ki asosye akòz andikap sa a. (Egzanp sèvis ki asosye yo se diskou, terapi fizik ak okipasyonèl.)
- Si yo wè pitit ou a elijib, Ekip IEP a ap devlope yon Pwogram Edikasyon endividiyèl (IEP) epi idantifye ki kalite sèvis yo bezwen epi ki kote (nan ki kad) yo pral bay sèvis yo.
- Ou se yon pati empòtan nan ekip IEP a epi li itil si ou kontribye nan diskisyon an, pa egzanp lè ou pataje pèspektiv ou sou sa pitit ou a aprann byen, sa li bezwen epi ki sipò ak sèvis ka ede yo agrandi konpetans li .
- Si yo jwenn pitit ou a elijib pou edikasyon espesyal, sèvis yo dekri nan IEP a dwe kòmanse nan anivèsè nesans 3zan li sof si ou rejte sèvis IEP yo oswa di distri a ou vle yon dat kòmansman diferan.
- Sèvis IEP yo ka retade tou si ekip la deside ke plis tan nesesè pou ranpli evalyasyon yo oswa yon dat kòmansman ki pita pi awopriye.
- Imedyatman apre reyinyon Ekip la, yo pral ba ou yon fèy rezime ki detaye kalite ak kantite edikasyon espesyal ak / oswa sèvis ki asosye ke distri a pwopoze, ak yon deklarasyon sou zòn objektif yo asosye avèk sèvis sa yo.

- Ekip la pral deside tou sou plasman an, ki vle di anviwònman kote yo pral bay ptit ou a sèvis edikasyon espesyal yo.
- Plasman dwe nan sa ki rele anviwònman ki pi piti restriksyon, oswa LRE. Pou ptit ou a, li ka lekòl publik la, yon anviwònman swen timoun, oswa lakay ou.
- Lè ou siyen IEP yo ekri pou ptit ou a, ou kapab...
  - ✓ aksepte li,
  - ✓ reje li,
  - ✓ aksepte kèk pati epi reje kèk lòt pati.
- Ou ka aksepte oubyen reje plasman an tou.
- Ou dwe siyen IEP a epi voye li retounen nan distri lekòl la. Pa gen sèvis edikasyon espesyal ki ka kòmanse jiskaske distri a resevwa IEP ki siyen an.
- Sèvis yo fèt gratis pou fanmi yo atravè sistèm lekòl publik ou a.

**Vizite sit wèb Komisyon pou Otis la pouw jwenn lis resous paran yo [www.mass.gov/autism](http://www.mass.gov/autism)**

#### **Sant Sipò pou Otis**

Reprezantan, Inc./Alyans Otis nan Metrowest  
(508) 652-9900  
[www.autismalliance.org](http://www.autismalliance.org)

Sant Resous Pou Otis, Central MA  
(508) 835-4278  
[www.autismresourcecentral.org](http://www.autismresourcecentral.org)

Resous Kominote Otis, Southeastern, MA  
508-379-0371  
[www.community-autism-resources.com](http://www.community-autism-resources.com)

Kominote Resous Pou moun ki gen Otis Western,  
MA  
(413) 529-2428

Northeast (Nòdès) ARC  
(978) 777-9135 x2301 or 2302  
[www.ne-arcautismsupportcenter.org](http://www.ne-arcautismsupportcenter.org)

Sant Otis pou fanmi yo, Norfolk Co. ak katye alantou yo  
(781) 762-4001 x310  
[www.arcsouthnorfolk.org/family-autism-center.html](http://www.arcsouthnorfolk.org/family-autism-center.html)

TILL: Sant Sipò pou Otis  
(781) 302-4600  
[www.tillinc.org/autism\\_training.html](http://www.tillinc.org/autism_training.html)

#### ***BIWO EGZEKITIF SANTE AK SÈVIS MOUN***

#### **KOMISYON OTIS LA**

CAROLYN J. KAIN  
DIREKTÈ EGZEKITIF



#### **Lè Li Vin Gen Twazan Yon Bwochi Pou Paran yo**

An Patenarya ak Lekòl Entèvansyon Bonè yo Lè Entèvansyon fèt Bonè (El), refere ptit ou a pou Edikasyon Espesyal

**Komisyon Pou Otis lan**  
(617) 624-7848